

## **COVID-19 Update, 3 February 2021**

### **ZVII ZVITSVA**

Tinokuchingamidzai munhaurwa dzitsva dzaFebruary maererano neCovid-19.Kutevera zvakabuda munhau,ndichange ndichikupai zvizere maererano nekufambiswa kuchaitwa mapirwo achaitwa mishonga yekudzivirira hutachiwana hwe covid -19 neveKEMH (Covid-19 vaccination programme) iyo ichatanga musi weMuvhuro 8 Kukadzi 2021.

#### **KUONGORORWA neveKEMH**

- **Maswabs ose aitwa akaongororwa kusvika pari nhasi : 6,878**
- **Maswabs ose aitwa asati aongororwa : hapana ( 0 )**
- **Maswabs ose akaonekwa aine hutachiwana kubva musi wa 3 April (kubvumbi) 2020: 45**
- **Huwandu hweavo vane hutachiwana parizvino muno muma Islands : 9**

Tine vanhu vanosvika 9 avo vakawanikwa vaine hutachiwana hwe Covid-19,vanhu ava vose varikugara vakazviparadzanisa nevamwe mu quarantine.Munhu mumwe chete wavo arikuwana rubatsiro muchipatara cheKEMH.Zvichitevera kupinda muchipatara kwakaita munhu uyu,KEMH vakwanisa kuita shandurudzo mumashandiro avo kuitira kuti vaise mitemo yakakodzera mukuita basa ravo, naizvozvo vaita zvinotera;

- **KEMH yava nezvikwata zviviri pakushanda kwavo zvinoti” Hot” pamwe ne “Cold areas” muchipatara kuitira kuti pasaiita kusangana pakati pevanhu munzvimbo idzi.**
- **Vashandi vemuzvimbo inononzi” Hot area” varikuongororwa hutachiwana kwapera mazuva matatu ega ega uye vachisanda vari kure nakure**
- **Vashandi vose parizvino vava kugara vakapfeka mamask ,chero papi zvapo pavari kushandiri**
- **Mamwe mabasa emuchipata arikutomiswa pamwe nekuiswa mumazuva anotevera ,kuitira kuti vave nevashandi vakakwana munzvimbo dzakasiyana kuti,uyekuti parambe pane vanokwanisa kubatsira munzvimbo dzeHot or Cold dzechipatara apo pavanenge vachidiwa**

Matanho aya aonekwa akakodzera panguva ino kuitira kuti tinge takagadzirira , naizvozvo vanhu havafaniri kurohwa nehana.Chipatara chedu chirikuita izvi kuitawo kuti mabasa echipatara ave anoitwa nemazvo pamwe nekuita kuti chirongwa chekupa vanhu mishonga yekudzivirira coronavirus svondo rinouya chisakanganiswe nematanho aya.

#### **RANGARIDZO KANA MARWARA**

Serangaridzo kubva kare,tinofanira kuramba tirichiziva zvakakosha maererano nekurwara,KEMH inokumbira kuti tirambe tichirangularira zviratidzo zve Covid – 19 zvinova :

- **Gosoro idzva pamwe nekuwedzera kwekukosora pane kwakagara kuripo**
- **Kupisa kwemuviri**
- **Kutadza kufema zvakakanaka**
- **Kukarakata kwepahuro**
- **Kuhotsira kana kubuda dzihwa kwakanyanya**
- **Kutadza kunzwa kuvava kana kutapira kwezvinhu, kushaya kunzwa munhuhwi wezvinhu**

Kana uchinge warwara nechirwere chinokwanisa kutapuriranwa, veKEMH vanokurudzirai kuti muvarovere nhare panhamba dzinoti 28000 asi **MUSAENDE** kuchipatara sezvo vashandi vavo

vachakupai rubatsiro panhare.Veruzhinji vanoramba vachikurudzirwa kuita hutsanana nguva dzose hunosanganisira,kugeza maoko nguva dzose,kana uchi hotsira kana kukosora itirai izvi muzasi mehapwa kana mutishu morirasa zvakakodzera.

### **MITEMO PANGUVA YEKUZVIPARADZANISA NEVAMWE (QUARANTINE)**

Tinoramba tichi yeuchidzwa kuti mitemo yequarantine inoramba ichi ongororwa kwapera mazuva 42 ega ega,izvi zvichiitwa zvakanangana nezvinodiwa nebato re Infectious Diseases Control Regulations 2020.Mazuva apera takabva kuita ongororo yechina inosanganisira mitemo mitsva yemuno , zviri kuitika pasi rose,humbovo kubvakune vatinobata navo vari kunedzimwe nyika nezvatinenge tichipihwawo nevehutano kubva mutsvakurudzo dzavo nezvirikuitika.

ExCO nhasi yaporura mitemo mitsva maererano nequarantine,iyo ichatanga kushanda kubva musi 8 February 2021 zvichienda mberi.Mitemo iyi ichange ichibata vose vari kupinda kana kusvika muno muFalkland Islands kubva musi wa15 February 2021.Mutemo wagara uripo wekuti wese anosvika muno anofanira kugara akazviparadzanisa nevamwe kwe mazuva 14 unoramba uripo,asi zvawedzerwa dzezvekuti ,vanhu havacha bvumire kugara mumba imwe chete neuyo anenge ari kuzviparadzanisa nevamwe pamba imwe kunze kwekunge vose vanenge vari pamba ipapo varikuzviparadzinisawo panguva imwe chetewo.Kare zvimbobvumirwa kuti mugare henyu mose paimba imwe chete asi musingabvumirwi kusangana.

Zvitsva maererano nezvavakudiwa zvichange zvava paFIG website,naizvozvo tarisai pa :

<https://fig.gov.fk/covid-19/quarantine>

### **MITEMO MAERERANO NEVASHANYI VARIKUNGOSHANYAWO**

Exco yakabvumirawo shanduko kuwashanyi vanongouyawo havo vasina zvakanyanya kukosha,vana Mazvikokota vecConservation pamwe neveEnviroment vakabviswa pavashanyi vanoonekwa sevasina kunyanya kukosha panguva ino vakaiswa muchikwata chavo .Izvi zvakaitwa kuti vaya vana mazvikokota mubasa akasiyana siyana pamwe neavo vane mabasa akanyanya kukosha mumararamiro edu vakwanise kuuya muno mumalslands uye kuti vanhu vasazosanganisa mapoka aya.Mutemo uyu ucharamba uripo parizvino kusvika musi wa31 March 2021.Mitemo mitsva iyi irikuitirwa kusunga zvingadiwa kuitwa mukuchengetaedza hutano hwavanhu ,zvikurusei nekuwanikwa kwehutachiwana hutsva hwecoronavirus hurikutenderera munyika ye UK.

### **ZAVAPO MAERERANO NENZIRA DZEKUFAMBIDZA NEMUCHADENGA**

Sezvakataurwa kare musi wa 1 February 2021, nzira dzendege dzinofamba dzichiuya muno dzichibva ku Chile neBrazil dzicharamba dzakamiswa kweimwe mwedzi mitatu kusvika musi wa 29 June 2021.Izvi zvirikutevera ongororo dzakadzama maererano nezvirikuitika pasi rose , zvikuru sei mitemo pakufamba kana kushanya,zvavakudiwa pakupinda munyika dzakasiyana siyana pamwe nekubuda kwehutachiwana hutsva hwecoronavirus hwakasiyana siyana nemabatiro ahurikuita hutano hwavanhu.Izvi zvicharamba zvichitariswa pamwe nekuongororwa kuti zviri kufamba sei humbowo wozopihwa kune veruzhinji nekufamba kwe nguva.

### **KUPINDA NEKUBUDA muMPC**

Pamusoro pezvakataurwa maererano nekurambidzwa kwevanhu kufambidzana nezvimbo yeMPC mushure mekunge kwabuda nhau dzekutu vana chiremba vavira vakawanikwa vari “positive” kuCovid -19 .Pakaitwa tsvagiridzo dzakawanda muchiitiko ichi pamwe nekuongorora vanhu

vakawanda.Kubva pakaitika izvi pakaita wechitatu newechina wevakuru wemuchipatara “medical officers” ,avo vanga vatori mukuzviparadzanisa neveruzhinji vakawanikwawo vari ‘positive’ kuhutachiwana uhu.Mukutevera nekuogororwa kwakaita kuti pabude vaviri ava,pakawanikwawo umwewo uyo anogara muStanley asi achishanda muMPC akasangana neumwe wevaviri ava.Munhu uyu pamwe nemhuri yake vose vakaongororwa asi vakawanikwa vari ‘negative’ kuhutachiwana hwe Covid -19, asi senzira yekuti tigare takagadzirira zvizere mhuri yose iyi iri kutogara yakazviparadzanisa neveruzhinji mu”isolation”.

**Nekuda kweizvi, nzendo dzekupinda kana kubuda muMPC\* hadzifanirwi kunge dzichiitika kunze kwekunge zvakakosha zvikuru.Veruzhinji vanokurudzirwa kuti vasazviisa parumananzombe naizvozvo munofanira kutaura nevakuru venyu vemabasa kuitira kuti kufamba kwenyu mukupinda nekubuda muMPC kuve kushoma kana zvichikodzera.Izvi zvinosanganisira zvimbo dzinoti Mount Pleasant Airfield ,Mount Pleasant Head Quarters, RADCOn, East Cove Military Ports (Mare Harbour Port) and mountain sites.**

### **NHAU PAMUSORO PEKUBATWA KWEHOVE**

Chekupedzisira,sekuziva kwedu izvi makagara maotozviona kare kuti pane zvikepe” vessels” zvekubatwa kwehove zvakatotanga kusvika kare muStanley Harbour kugadzirira mwaka wekura hove (2021 fishing season).Tinoona zvakakodzera kuti tiyeuchidze veruzhinji kuti,zvikepe izvi zvisati zvapinda munzvimbio kana munharaunda ye Falkland Islands Territorial waters, zvinosungirwa kunge zvatumira magwaro kubva kunana mazvikokota vechiparata inonzi “formal medical declaration “ ichitaridza kuti ngarava iyi yakachena yose ‘are clean’.

Zvinonzi a’ clean ‘( vessel ) ,zvinoreva kuti ngarava iyi inenge yatevedzera matanho zvinotevera

- Yapedza masvondo anokwana maviri(2) iri muquarantine munyanza
- Havana kana munhu mumwe arikuratidza zviratidzo zvezvekurwara
- Hapana kana umwe wavo ane chirwere cheCovid- 19 mungarava yavo

Izvi zvichibvawo zvareva kuti ngarava dzose dziri muhabour nguva ino, kana dziri kutarisirwa kusvika mumasvondo anotevera dzinenge dziine vashandi vasina hutachiwana kana zviratidzo ‘Clean ’ (crew) mungarava dzavo.kana pane umwe wavo achange achibuda muzvikepe izvi vachipinda kunze kwemvura, vanhu ava vachange vachiuya kuzvidzidzo zvemashandiro akanaka asina njodzi (safety training ) chete ,uye vachatakurwa kubva mungarava yavo kuenda kuTown hall pamwe nekudzokera. Vachatariswa ‘temperatures’ vasati vabuda mungarava dzavo uye vachange vakapfeka mamask nguva dzose pavanenge vachifamba nekuita zvidzidzo zvavo.

Kuwedzera pamusoro ,nhoroondo pamusoro pekupihwa kwe marezinesi (licensing briefings) pamwe nekuongororwa kwazvikepe izvi zvinoramba zvichiitwa nevvazva gara zvichiitwa, asi pakaita chikumbiro zvinogona kuitwa nedzimwe nzira

***Nhau dzemwedzi unotevera dzeCovid-19 dzemuno muFalkland Islands dzichavako musi 3 March 2021.***

